# Нөкис районында заманагөй ыссыханалар қурылмақта

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «2020-2023-жылларда Қарақалпақстан Республикасын комплексли социаллық-экономикалық раўажландырыў илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-4889-санлы қарары тийкарында Нөкис районы аймағында  150 гектар майданға заманагөй ыссыханалар қурыў режелестирилген.

Image not found or type unknown

Ҳәзирги ўақытта Нөкис районы «Саманбай» АПЖ аймағынан «MAGZATDIN-MUXAMATDIN» жуўапкершилиги шекленген жәмийети тәрепинен жойбарлық баҳасы 3млрд 200млн сум болған  2 гектар майданға заманагөй ыссыхана қурыў жумыслары алып барылмақта. Сондай-ақ, усы аймақта «ZOLUSHKA-BELOSNEJKA» жуўапкершилиги шекленген жәмийети тәрепинен да 2 гектар майданға ыссыхана қурыў жумыслар басланды. Бул ыссыханаларда 30  адамды жумыс пенен тәмийинлеў ҳәм жоқары сортлы қыяр, помидор жетистириў нәзерде тутылған.

Image not found or type unknown

Нөкис районы  ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети